Пролетарэу дунейм псом тетхъ фызэгухьэхь!

ЧЕРКЕС ЛУЪЫЖЬ

Орган Черкесского обкома, горсовета и райсоветов Обласоветым, горкомым и оргэпщ

№ 88 (2316) Мазэкуй, августым и 3-м 1944 гъ. 4 уэс. ц. 20

ЧЕРКЕССК

Черкесскэ облвоенкоми интендантскэ службэм и подполковник АРАНОВСКЭМ
Политотделым и начальник капитан СТЕЦЕНКО
Женсоветым и председатель ЛАГУНОВА

Черкесскэ автономнэ областым и военкоматхэм я офицерхэу, я дэлъакIуэхэу икIи офицер-фронтовикхэм я быныхэу, ахъщэу сом 20, 273-рэ, облигацэу сом 86.770 СССР-м и хъумэныгъэм и фондым щхьэкIэ къыкIэнэдзахэм, си боевой сэламрэ Краснэ Армиям и фIыщIэ гуапэрэ схуайфтыж.

И. СТАЛИН.

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Армиям и генерал ЧЕРНЯХОВСКЭМ

Зэ 1-м БЕЛОРУССКЭ фронтым и Дзэхэм, бийм и зигъэпсэфыгъэ Гвардиер, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город икIи станцэ КАУНАС—коммуникацэ зэхыхьэшIу мыхьэнэшхуэ зиIэ Восточнэ Пруссием и границэхэм я еклуэдэжьэу инженерыгъэмкIэ щIэгъэкъуэныгъэ дахэ дэлъ.

КъэщтэныгъэмкIэ еклуэкIа зэрыхэм деж цэхъкъагъэлъэгъухэщ генерал - полковник КРЫЛОВ, генерал-лейтенант ДЮДНИКОВ, генерал-лейтенант ЕФРЕМОВ, генерал-майор КАЗАРЦЕВ, генерал-майор ПЕТРУСТОВ, генерал-майор ПОПЛАВСКИЙ, генерал-майор ТАРАРИН, генерал-лейтенант БЕЗУГЛЫЙ, генерал-майор ТИХОНЧЕЕВ, генерал-майор САМАРСКИЙ, генерал-майор ТИМОШЕВ, генерал-майор ЛАСКИН, генерал-майор АЛЕКСЕЕНКО подполковник ДОНЕЦ, полковник ЖЕКОВ—БОГОРОДА, генерал-майор ГОРОДОВИКОВ, генерал-майор ЛЕОНОВ, генерал-майор БАБАЯН, полковник ДРУЖИНИН, полковник КРАСНОВСКИЙ, полковник КАТЮШИН, полковник ЛЕБЕДЬКОВ, генерал-майор КВАШНИН, полковник ЛЕВШТЕЙН сымэ я дэхэм; артиллерием и генерал-полковник БАРСУКОВ, артиллерием и генерал-майор ФЕДОРЕНКО, артиллерием и генерал-майор ДЕРЕШ, артиллерием и генерал-лейтенант БОДРОВ, артиллерием и генерал-майор ТОЛМАЧЕВ, артиллерием и генерал-майор КОРСАНОВ, полковник РЯБЧУК, полковник ДОЛГОВ, полковник СТАРИКОВ, полковник СКВОРЦОВ, полковник ЖЕРНОВ, полковник ЗЕДЕЛЬ сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор БУРДЕНЫЙ, полковник БУЛЫШИН, полковник ЛЕОНОВ, полковник НЕСТЕРОВ, подполковник АНТИПОВ, полковник ДУХОВНОЙ, полковник БУКОВ, генерал-майор ОВСЯНКИН, подполковник СЕМЕНЮК, танкыдзэхэм я генерал-майор МАЛАХОВ, полковник ВАХРУШЕВ, полковник ЛЕВИТОВ я танкыдзэхэм; авиацием и генерал-полковник ЖИГАРЕВ, авиацием и генерал-лейтенант САВИЦКИЙ, авиацием и генерал-лейтенант БЛОГОВЕЩЕНСКИЙ, полковник ЗОМИН, полковник ЧУЧЕВ, полковник ВАСИЛЬЕВ, авиацием и генерал-майор МОЛОКОВ, авиацием и генерал-майор АНДРЕЕВ, полковник ПРУТКОВ, майор КОРЗЕЕВ сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-лейтенант ИВАНОВ, полковник ЛЕЙМАН, полковник ЛУКАШЕНКО, полковник ПОПЛАВСКИЙ, майор МЕЛЬНИКОВ, капитан ЛИТЕЦКИЙ сымэ я сапёрхэм; полковник ПРИХОДАЙ, полковник ШТЕЙМАН, генерал-майор ПТИЦЫН, полковник ТКАЧЕНКО, полковник АРХАРОВ сымэ я связистхэм.

Сыныгъэ хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, гуащI икIи зэрепсэ КАУНАС (КОВНО) къащтэныгъэмкIэ зэрыщIэ зэуэм деж нэхъ щапхъэфIэхэр къэзыгъэлъагъуа дзэхэмрэ частхэмрэ „КОВЕНСКЭХЭЩ" жэуэ щIэхэр къэзыухъуреихьа икIи орденхэр наградэ иратыныхэу гъэзэуэ.

Сыт щхьэкIэ августым и 1-м, сыкъэт 22-рэ дэжь Родинэм и столицэ МОСКВА, Родинэм и цIэкIэ салют яретыр, КАУНАС къалэщIэ 3-рэй Белорусскэ фронтым и дзэ лIэужьыгъуэ щIэщIэ зэощIэ иIыгъэр тIощIэ иIыгъэр зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэ фIагъыр хэлъэ зэрыратэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщ дэхэу, КАУНАС хуит къэщIыжьыгъэ зэуэм хэтахэм, этэри фIыщIэ яхуэзощIыр.

Мыбэущтэмэ щытхъу дэ Родинэм и хуитыныгъэмрэ щIэзэуэхэм емылъэу щытыныгъэмрэ щIэзэуэхэрэ зи лIыхъужьхэм!

Ирелъэ немецкэ зэрышхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Августым 1-м 1944 гъэм.

Американскэ бомбардировщик 1000 Германиям теуащ

ЛОНДОН, июлым и 29-м. (ТАСС). Р-йтерым я агентствэ къэгъэлъагъуэмкIэ миным ныбжьэгъу америкэнскэ бомбардировщик хьалэхэу июлым и 29-м теуащ Мерзебург дэт синтетическэ нефть завод дымрэ Германиям и нэгъуэщI объектхэмрэ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Августым и 1-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 1-р еклуэкIыхукIэ ПСКОВ городым и къухьэпIэлъэкIэ икIи ящэ-кIуэлъэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм наступление зэуэ прагъэкIуэкIащ, а зауэхэр здекIуэдым къащтащ къуажэ 60 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу БОРОВЕНЬКИ, ШЕЛЕХОВА, БЕЯС, ЯУНАННА, гъуэщIгъуэгу станцу ЛЫТЕНЕ.

ДАУГАВПИЛС (ДВИНСК) городым и ящхэрэ-къухьэпIэлъэкIэ икIи и къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къуажэ 200-м щIигъу къащтащ, абыхэм ящыщхэщ город ЛИВАНИ, къуажэшхуэхэу ДИГНАЯ, СЛОТАС, РУБЕНЕ, АСАРЕ, ГАРСЕНЕ, ДИДСОДЕ, РОТИШКИС, ЖИОБАШКИС, ПАМДЕЛИС, гъуэщIгъуэгу станцхэу ДИГНАЯ, РОТИШКИС, ГИНДЖУЛЯЙ.

ЕЛГАВА (МИТАВА) городым и ящхэрэ-къухьэпIэлъэкIэ икIи и къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм къащтахэщ Латвийскэ ССР-м и уездив город икIи гъуэщIгъуэгу станцин ТУКУМС, город икIи гъуэщIгъуэгу станцу ДОБЕЛЕ, абхэрэ кьабзу зауэкIэ къащтащ нэгъуэщI къуажэ 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ КЛАПКАЛНС, ДЖУКСТЕ, БЕРЕМУЙЖА, гъуэщIгъуэгу станцхэу ПРАВИНУ-СЛАМПЕ, ДЖУКСТЕ, БУДАС, ЛИВБЕРЗЕ, БРАКШТИ. Абыхэрэ дэ дзэхэм зэнаущIащ Прибалтийскэ икIи Восточнэ Пруссием кIуэ гъуэгу псоринкI.

3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм, бийм и зигъэпэныгъэр зэпащIэ, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ коммуникацэ зэхыхьэшIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи немецхэм я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэныщхуэ щIэтт пункт—город икIи крепость КАУНАС (КОВНО), абхэрэ кьабзу зауэкIэ къащтащ къуажэ 300-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ГАНУСЕВИЧИ, ВЕНДЗИГОЛА, АНТОГИНА, БОБТЫ, РИНГВАЛЬДЫШКИ, АЗЕРЕС, ЯРА, БОГАТА, ДЫДВИНЕС, ГИЖЕ, СУСНИКИ, ВИДЗГАЙЛЫ, гъуэщIгъуэгу станцхэу ОЛЬКСНЯНЫ, МАЖУЦЕ.

БЕЛЬСК городым и къухьэпIэлъэкIэ икIи и ящэ-къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм наступление зэуэ прагъэкIуэкIащ, а зауэхэр здекIуэдым къащтащ къуажэ 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ПЯТКОВО, ТОПЧЕВО, ГЛИННИКИ, БРЯНСК, РУДКА, ЛЕМПИЦА, СТАДНИКИ, ДРОГИЧИН.

СЕДЛЕЦ городым и къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм къащтащ город КАЛУШИН, абхэрэ кьабзу зауэкIэ къащтащ къуажэ 30-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ НИВИСКА, ЗЕМАНКИ, ЧАРНОВОНЖ, СЕННА, СЛУХОЦИН, ГРОШКИ, гъуэщIгъуэгу станцхэу КОШЕВНИЦА, МРОЗЫ.

Дэ дзэхэм плен къащIащ 7-рей немецкэ пехотнэ дивизэ хьэлэч ящIам и командиру щыта генерал-лейтенант ФРАНЕК и штабырэ щIыгъуэу.

Фронтым и адрей участкохэм зэхъуэныкъуэгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 31-рэр еклуэкIыхукIэ дэ дзэхэм фронт псом дежи зэтыракъутащ немецкэ танк 37. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 28 къыраудыхащ.

Августым и 2-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 2-р еклуэкIыхукIэ РЕЗЕКНЕ (РЕЖИЦА) городым и къухьэпIэлъэкIэ, дэ дзэхэм наступление зэуэ прагъэкIуэкIащ, а зауэхэр здекIуэдым къащтащ город ВАРАКЛЯНИ, абхэрэ кьабзу къащтащ нэгъуэщI къуажэ 30, абыхэм ящыщхэщ САРНИ, ГРОЗИ, ЛЕЙМАНИ, ТИЛТАЛГАЛС, СТЕТИ, гъуэщIгъуэгу станцу ТИЛТАЛГАЛС.

КАУНАС (КОВНО) городым и ящхэрэ-къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэр зауэхэуре ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтащ Литовскэ ССР-м и уездив город икIи гъуэщIгъуэгу станцу КЕДАНЯЙ, абхэрэ кьабзу къащтащ нэгъуэщI къуажэ 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэхэу ЯКУБАЙЦЫ, КРОКИ, ДАТНОВО, ДУБЫ, ЯСВОЙНЫ, ЗАСТРАВЕ, гъуэщIгъуэгу станцу ДАТНОВО.

МАРИАМПОЛЬ городым и ящхэрэ-къухьэпIэлъэкIэ икIи и ящэлъэпIэ, дэ дзэхэм наступление прагъэкIуэкIэрэ, къащтащ город ВИЛКАВИШКИС (ВОЛКОВЫШКИ), город КАЛЬВАРИЯ, абхэрэ кьабзу зауэкIэ къащтащ къуажэ 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ДЫДВИЖЕ, БОЛЬШИЕ ШЕЛЬВЫ, ЯНОВКА, СЛОБОДКА, БУДВЕЦЕ, ВИДУГЕРЫ, гъуэщIгъуэгу станцхэу ВИЛКАВИШКИС, КАЛЬВАРИЯ.

Город СЕДЛЕЦ и ящхэрэлъэпIэ икIи и къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщщ город ЦЕХАНОВЕЦ, къуажэшхуэхэу ВОЙТКОВИЦЕ, ГРАННОЕ, ГРУДЕК, КАМЕНКА, СКШЕШЕВ, РЕПКИ, ВОРОЖЕМБЫ, ПАПРОТНЯ, КРЫНИЦА, СУХОЖАБРЫ, МРОЧКИ, ЖОНДЗА, ЛАЗИСКА, ЧАРНА.

Город ЯРОСЛАВ и къухьэпIэлъэкIэ дэ дзэхэм, бийм и зигъэпэныгъэхэр зэпащIэхэри, къащтащ город икIи гъуэщIгъуэгу зэхыхьэшIэ ЖЕМУВ, абы хуэдэ кьабзу зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 150-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр РОЗАЛИН, МАЙДАН, КОЛЬБУШОВА, ГЛОГУВ, МРОВЛЯ, ДОЛЬНА, БОГУХВАЛА, ЧУДЕЦ, СТШИЖУВ, гъуэщIгъуэгу станцхэу БОГУХВАЛА, БАБИЦА, ЧУДЕЦ, СТШИЖУВ.

Фронтым и адрей участкохэм захъуэныкъуэгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Августым и 1-м и къуэщIкIэ дэ дзэхэм фронт псом дежи зэтракъутахэщ немецкэ танк 63. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 79 къыраудыхащ.

Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым пщэдджыжьым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, августым и 2-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым, нобэ пщэдджыжьым къытырадза хъыбархэм жаIэр:

Авранш секторым дежи союзникхэм я бронетанковэ къарухэр кIуэтахэщ. Вильдье и ящэлъэкIэ икIи и ящэ-къуэкIыпIэлъэкIэ ехъулIэныгъэщIэхэр къэлъощта хъуащ. Бийм сыт хуэдэкIи бомбыхьу зырыгъэнам дэ дзэхэм къащтащ город Тесси.

Авиацием теуащ бийм и гъуэщIгъуэгу зэхыхьэшIэхэм, складхэм, нэгъуэщI объектхэм.

Августым и 1-м ирихьэлIу щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къехьэлIэжыныр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(ПроценткIэ къапщIэмэ)

Районхэр:	ПсорикI къырахьэлIэжар	Абы щыщу комбайнэкIэ
Икон-Хьэлъкъ	65	43
Хьабэз	52	27
Кировскэ	43	52
Кувинскэ *)	39	29
Черкесскэ	36	30
ПсорикI	44	32

*) Июлым и 26-м къата бжыгъэхэмкIэ.

Августым и 1-м ирихьэлIу щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр Iуэныгъэр областым и кIуэцIкIэ зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(ЗэщIакъуэжам и процент бжыгъэм елъытауэ)

Черкесскэ	62
Икон-Хьэлъкъ	57
Кувинскэ *)	50
Кировскэ	30
Хьабэз	27
Областым и кIуэцIкIэ	48

*) Июлым и 26-м къата бжыгъэмкIэ.

Августым и 1-м ирихьэлIу областым и кIуэцIкIэ мэкъу зэщIэкъуэжыныр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(Планым и процентkIэ къапщIэмэ)

Икон-Хьэлъкъ	71
Черкесскэ	68
Хьабэз	68
Кувинскэ	67
Кировскэ *)	52
Областым и кIуэцIкIэ	65

*) Июлым и 26-м къата бжыгъэхэмкIэ.

Автотрансым и стахановцхэм грамотэ иратахэщ

ВКП(б)-м и Крайкомымрэ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Краевой Советым и исполкомымрэ я щIыхь зиIэ грамотэхэр иратахэщ Черкесскэ Автотрансым и конторэм и стахановцхэм, етIуанэрей кварталым и заданиер щIигъуу зыгъэзэщIахэм.

Грамотэ иратащ мы къэкIуэнухэм: т. т. Реутский, Попов, гъукIэ т. Динекин, шоферхэу т т. Сотников, Дубровская, пхъащIэ т. Котрус. Абыхэм етIуанэрей кварталым и планыр проценти 193-м къыщыпIэдзауэ процент 346-м нэскIэ ягъэзэщIахэщ.

Слесарь т. Попов мы гъэм къехьыр ВКП(б)-м и Крайкомымрэ Крайисполкомымрэ я грамотэр иджы етIуанэ. Япэрей грамотэр абы къыратауэ щытащ кварталынэ планыр процент 270 зэригъэзэщIам щхьэкIэ.

Автотрансым и стахановцхэм абы къыхэкIкIэ псалъэ бидэ къатахэщ нэхъри фIыуэ лэжьэнхэу, пIалъэ кIэщIкIэ илъэс планыр гъэзэщIа хъунығъэмкIэ.

Псыжь МТС-м илъэсым и кIуэцIкIэ тракторхэм къалэжьын хуей планыр игъэзэщIащ

Июлым и 30-м Псыжь МТС-м игъэзэщIащ илъэсым и кIуэцIкIэ тракторхэм къалэжьын хуей планыр. Къару 15 зиIэ тракторхэмкIэ къалэжьащ гектар 350.

Тов. Воротынцев и тракторнэ бригадэм илъэс планыр игъэзэщIащ проценти 130, т. Белоусов и бригадэм—проценти 115, тов. Гордиенко и бригадэм—проценти 110.

Тракторист щхьэхуэхэм заданиеу ятелъахэм куэдкIэ блэкIыу ягъэзэщIахэщ. Тов. Жуков и заданиер проценти 250 игъэзэщIащ, тов. Коготов—проценти 200, тов. Акимова—проценти 150.

Ди МТС-м и лэжьакIуэхэр Союзпсо социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хыхьахэу, псалъэ бидэ къатыр илъэс планыр проценти 150 икIэ къимыхуу ягъэзэщIэну.

Иджы тракторнэ бригадэхэм щIыгур бжьыхьэсэ лэжьыгъэхэм хуагъэхьэзырыр. Молотов и цIэкIэ зэхэт колхозым щавагъэхэщ гектари 150, „Хъайр“ колхозым—гектар 90, „Путь к Социализму“ колхозым—гектар 80.

Машкин,
Псыжь МТС-м и директорщ.

Комбайнер т. Хатуов нормэр хуэдитIкIэ егъэзащIэр

Икон-Хьэлъкъ районым щыщ „Берлик—Джашау“ колхозым щолэжьэр комбайнэ агрегат №10-р. А агрегатым и комбайнер нэхъыщхьэр т. Хатуов Хьэмидщ. Краснэ Армиям ехъулIэныгъэ хэлъу иригъэкIуэкI наступлением и жэуапу т. Хатуовым псалъэ бидэ къитащ къимыгъэлалу лэжьэну, заданиеу телъым щIигъуу игъэзащIэ зэпытыну. Т. Хатуовым и псалъэр егъэзащIэр. Лэжьыгъэ зэщIэкъуэжын зэрыщIадзэрэ зэикI къэхъуакым абы и нормэр щIигъуу къмыгъэзащIу. Июлым и 20-м „Сталинец“ комбайнэмкIэ т. Хатуовым пиупщIащ гуэдз гектар 42, нормэу телъ гектар 25-м ипIэкIэ.

Комбайневэ агрегат №10-м комбайневэ агрегат №17-м социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэ дищIащ. Комбайневэ агрегат №17-ми бжьыпэр имытIыпщу мэлажьэр, щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуу, нормэу ятелъхэм щIырагъэгъуу.

ФIыуэ я тракторхэр ягъэлажьэхэр тракторист т. т. Агарджаноков, Гуков сымэ. Мыхэм нормэр ягъэзэщIэныгъэм къыщцымыну горючэми къыдагъэахуэхэр.

Пашэныгъэр зыIыгъ комбайнэвэ агрегатым дэплъехэкIэрэ, адрей комбйнерхэм социалистическэ обязательствэ яштахэщ я къару емыблэжхэу лэжьэнхэу.

Кумукова,
ВКП(б)-м и Икон-Хьэлъкъ РК-м и пропагандистщ.

Гъэш хэкIхэмрэ лымрэ къэралым етыныгъэмкIэ къыкIэрохухэр

Икон-Хьэлъкъ районым и колхоз куэдхэм щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэхэр гъэш хэкIхэр, лыхэр нэгъуэщI заготовкэхэрикI къэралым иратыныгъэмкIэ. Псалъэм щхьэкIэ, Инжыджышхуэ къуажэм дэт КоминтернэкIэ зэджэ колхозым сельскэ хозяйственнэ продуктхэр къэралым етыныгъэмкIэ планыр процент 211-рэкIэ игъэзэщIащ, „Красный Октябрь“ колхозым—проценти 107-рэкIэ. Гъэшхэр къэралым етыныгъэмкIэ мы колхозым илъэс планыр игъэзэщIащ июлым и 10-м ирихьэлIу. Абхуэду щапхъэфIхэр къэзыгъэлъагъуу зи обязательствэхэр зыгъэзащIэ колхозхэр куэдхэщ.

Ауэ а колхоз пашэм ядэмыплъейхэу государствэ обязательствэхэр гъэзэщIа хъуныгъэм нэмыплъ езыт колхозхэрикI щыIэхэщ. Абхуэдэ колхозхэм ящыщщ КагановичкIэ зэджэ колхоз Бесленей къуажэм дэтыр (колхозым и председателыр т. Бановщ). Мы колхозым лыр государствэм етыныгъэмкIэ планыр зэригъэзэщIар процент 58-рэщ. Пшэч мыхъуну къыкIэрохур „Нацэскадрон“ колхозыр. Куэду хуэмыхуу щокIуэкIыр я обязательствэр ягъэзэщIэны гъэр „3-я Пятилетка“ колхозым.

ПIалъэ кIэщIкIэ егъэфIэкIуэн хуейщ гъэш хэкIхэмкIэ, лымкIэ, нэгъуэщI продуктхэмкIэ государствэ обязательствэр гъэзэщIэныгъэр.

Д. Шапошников,
Икон-Хьэлъкъ районым и уполнаркомзагщ.

Интербург, Варшава, Крустпилс гущIгуъэгу зэхыхьэпIэхэм ди авиацияр теуэныгъэр

Ди авиацияр теуащ Интербург(Вост. Пруссия), Варшава, Крустпилс гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэм. БомбэкIэ еуахащ немецкэ воинскэ эшелонхэмрэ бийм и военнэ складхэмрэ.

Интербург гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм деж бомбэр занщIу техуэкIэрэ гъущIгъуэгу сос тавитI зэхакъутащ. БомбэкIэ еуэныгъэм къыхэкIкIэ нафIэс 30 къэхъуащ, гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм и территория псорикI къызэщIиубыду. Горючэ зыщIэт складым нафIэ кIэщIадзащ. Къэуэжыщхуэ куэдхэр къэхъуахэщ, абыхэм яшыщу зы къэуэжышхуэ къыщыхъуащ гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм и центральнэ частым.

БомбэкIэ теуныгъэм къыхэкIкIэ Варшава и пригород—Прагэ и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэм деж нафIэс куэдхэр къыщыхъуахэщ. Вагонхэр, платформэхэр, абхуэдэ къабзу горючэ зэрылъ эшелонхэр сыхэт. НафIэсым къэуэжэышхуэхэр щIэтыжт.

Крустпилс гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм деж бомбэкIэ еуэхауэ немецкэ воинскэ эшелон зэхуэсахэм нафIэ кIэщIадзахэщ.

Италиям зауэ зэрыщекIуэкIыр

ЛОНДОН, августым и 2-м. (ТАСС). Союзникхэм я дзэхэм я штабым къырегъэхьыр, Флоренция и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ зауэ хьэлъэхэр щокIуэкIыр. 8-рей английскэ армиям хэт индийскэ частхэм къащтащ город Костилоне (Флоренция километрэ 12-кIэ и ипщэкъухьэпIаIуэкIэ щыIэр). Тибр псыр здежэх ауз ипщэхэм деж, немецхэм зигъэнэ… хуабжь къащIхэм емыплъ… щIыпIэ ехъулIэныгъэхэр я… гъахэщ. Фронтым и адр… участкэхэм деж патрул… мэзауэхэр икIи топкIэ зэхо… хэр.

Союзникхэм я авиацияр д… гъуасэ Италиям, Югослав… щыIэ военнэ объектхэм я те… ныгъэхэр ирагъэкIуэкIахэ…

Турциям дипломатическэ икIи экономическэ щытыкIэ хуиIэжкъым Германиям

АНКАРА, августым и 2-м. (ТАСС). Анкарскэ радиом къызэритымкIэ, нобэ пщэдджыжьым турецкэ премьер-министр Сароджоглу турэцкэ национальнэ собранием къыщыжиIащ Турциям дипломатическэ икIи экономическэ щытыкIэ лъэпкъ хуимыIэжыну Германиям. Сароджоглу … амкIэ, абы къокIыр Турци… зауэм хэмыхьэу, Германи… позицияу вубыдынум е… Анкарскэ радиом къ… тащ ар.

турецкэ правител… унафэр национальн… собрани… ем къищтауэ.

Германиям къыщыхъуа Iуэхухэм щхьэкIэ

ЖЕНЕВА, августым и 2-м. (ТАСС). Гитлеровскэ агентствэ, германскэ информационнэ бюром къызэритымкIэ, хъыбар ягъэIуащ Гитлер теуэныгъэмкIэ ягъэкъуаншэу Лейпциг городым и бургомистру щыта Карл Герделер икIи абы лъыхъуэу ямыгъуэту… икIэрей зэманхэм Герде… Лейпциг щыпсэуащ, июлы… 20-м щIэпхъуэжащ. Сооб… нием жеIэр, Герделер … дыныгъэмкIэ сэбэп хъу… мелуан маркэу иратыну.

Финскэ президент Рюти тырагъэкIащ

СТОКГОЛЬМ, августым и 1-м, (ТАСС). Хельсинки къикI хъыбархэмкIэ, пэждыду тырагъэкIащ Финляндиям и президент Рюти. Президенту тырагъыхьащ Маршал Маннергем. Премьер-министр Линкомиес сеймым резолюци… хьащ Маннергейм презид… тырагъыхьэну. А резол… къыщыгъэлъэгъуащ преми… тым зэрихьэну Iуэхухэ… зынықъуэр Линкомиес … гъэкIуэну.

Английскэ самолетхэр Франкфурт теуащ

ЛОНДОН, июлым и 30-м. (ТАСС). Рейтерым и агенствэм къызэритымкIэ, июлым и 30-м и жэщым английскэ бом… дировщикхэр Франкурт … ащ.

Ответ. редактор М. САН…

ЧЕРКЕССКЭ

Государственнэ учительскэ институтым

1944—45 еджэгъуэ илъэсхэм студент ищтэныгъэм щIидзащ

Факультетхэу: а) урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ; б) физикэрэ математикэрэкIэ.

Институтым егъэхьэзырыр курыт еджапIэхэмрэ курыт ирамы… еджапIэхэмрэ я классн 5—7 я егъаджакIуэ. Зэреджэну зэман… илъэситIщ.

Институтым ящтэхэр: а) 1-рей курсым—курыт еджапIэхэм я клас… си 9—10 къэзухахэмрэ, абхуэдэ къабзу педучилище, техникум… я курситI къэзухахэмрэ; б) II-рей курсым (физмат)—педагогическ… учительскэ институтхэм я физикэ-математическэ факультетхэм… 1-рей курсыр къэзухахэр.

Институтым щIыхьэхэм, курыт еджапIэхэр отличнэу къэзухахэм … хъумэ, псомикI мы къэкIуэну предметхэмкIэ къеупщIэр:

а) бзэмрэ литературэмкIэ факультетым хыхьэхэм:
1) урысыбзэмкIэ (письменнэу икIи устнэу);
2) литературэмкIэ (устнэу);
3) СССР-м и народхэм я историямкIэ;
4) СССР-м и КонституциямкIэ.

б) Физикэрэ математикэрэ факультетым хыхьэхэм:
1) урысыбзэмкIэ (письменнэу икIи устнэу);
2) математикэмкIэ (письменнэу икIи устнэу);
3) физикэмкIэ (устнэу);
4) СССР-м и КонституциямкIэ.

Институтыр кадрэфIхэмкIэ, кабинетхэмрэ лабораторинхэмрэ… пэщащ. Институтым иIэщ библиотекэ, общежитие, столова…

КъыкIэрымыхуу еджэ студентхэм псомикI стипендия иратыр.

ЗэрырагъэджэмкIэ пщIэу илъэсым сом 300 атыр.

ПщIэншу ирагъаджэхэр военнэслужащэхэм я быныхэмрэ государ… ственнэ пособие зэратхэм я бынхэмрэ.

Заявлением документхэр щIыгъужу (автобиография кIэщI, … гъэу иIэмкIэ документ, военнэ абязанносту щытмэ с … справкэ, фотакарточки 3)—сентябрым и 1-м нэсыхункIэ … Ящтэнухэм къайупщIынущ сентябрым и 1-м къыщыщIэдзауэ 20-м нэсыхункIэ.

Занятием щIадзэр октябрым и 1-м.

Институтым и адресыр: г. Черкесск, Горькэм и урам № 32, учительск… Дирекци…